

TATA PANGIBADAH MINGGU BIASA XV
PUNGKASANING PEKAN PENDIDIKAN KRISTEN (PEPENKRIS)
GKJ AMBARRUKMA - 18 AGUSTUS 2024
Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB
Pepanthan Nologaten, jam 08.00 WIB

(Warni Liturgis: Ijem, Stola/Logo/Symbol : Prau Layar+Peksi Dara+Pelangi)

1. **Pacawisan** : Imam mimpin pandonga ing konsistori
2. **Liturgos** :

Sakderengipun pangibadah kawiwitan, Liturgos nyumet 1 (satunggal) lilin pethak ibadah.

“Pasamuwan kinasih kagunganipun Gusti Yesus Kristus, Pradataning Pasamuwan GKJ Ambarrukma ngaturaken sugeng rawuh, sugeng enjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu, Wolulas Agustus Kalih Ewu Sekawan Likur** (18 Agustus 2024) ugi minangka pungkasaning Pekan Pendidikan Kristen taun 2024.

Kita aturaken uluk salam kabingahan kita sami kanthi jawat-asta kagem pasamuwan ing sakiwa tengen, ngajeng, saha wingking panjenengan. Mugi berkah kasarasan lan karaharjan tansah nunggil wonten ing Bapak, Ibu, saha para Sedherek, tuwin Lare-lare sadaya.

Kula nyuwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu menika, ingkang badhé kula aturaken sapérangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun undhuh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Pasamuwan ing patunggilanipun Gusti, pangibadah wekdal punika kanthi irah-irahan **“Dipunpitados kangge Mulang”** badhe kaladosaken dening Bapa/Ibu Pandhita

.....

Sumangga kita puji asmanipun Gusti kanthi repening kidung pambuka **Kidung Pasamuwan Jawi Tigang Dasa Setunggal, Pada Setunggal lan Kalih (KPJ 31 : 1+2)**, **“Swawi Pra Suci Nyawiji”** ... *pasamuwan kasuwun jumeneng*

- | | |
|--|---|
| (1) Swawi prasuci nyawiji tunggal ati,
sami ngabekti memuji mring Gusti.
Ajrih, sumelang, sedhah, lan kasangsaran
ginantos kabegjan sihing Pangeran | (2) Tansah ngidunga anggunggung Kang Murbengrat,
ngetang mukjijat lan gunging sih-rahmat.
Lubering berkah sing swargi tansah tumrah,
nyantosakken manah, nyirnakken semplah. |
|--|---|

(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkhotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkhotbah, sakderengipun Pengkhotbah mapan dhateng mimbar.)

3. **Votum tuwin Salam Karaharjan:** (Pasamuwan Jumening)
- Pandhita : Pasamuwan kinasih, sumangga ing pangibadah dinten Minggu punika kita sesarengan mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:
- Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**
- Pandhita : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, lan sadherek sadaya.
- Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**
- Sadaya : **5 7 i . / 5 7 i . / 5 4 3 . /**
Amin, Amin, Amin.

(Liturgos: Pasamuwan kula aturi lenggah.....)

4. **Lektor : Sabda Introitus : Yesaya 50 : 4-5**
Lektor : “Mekaten sabdanipun Gusti”
Pasamuwan : “Puji sokur konjuk Gusti”
5. **Liturgos :** “Pasamuwan ing patunggilanipun Gusti Yesus, Gusti paring dhawuh tumrap kita sami perkawis ingkang kedah dipun wartosaken kadosdene para murid. Gusti ugi merdi saha bikak talingan kita supados saget mirengaken kados dene murid ingkang satuhu mbangun turut dhawuhipun Gusti.

Sesarengan kita sami badhe memuji asmanipun Gusti kanthi ngrepenaken pepujen sukarena **Kidung Pasamuwan Kristen Satus Sekawan, pada Setunggal lan Kalih (KPK 104 : 1+2), “Kraharjaning Tumitah”**

- (1) Saiba denya mbingahken yen ing sajagad wrata
kaadilan kang sanyata sayekti binabarna
Refr:
srana sih katresnan tulus, lah jagad dados Pirdus
sagung tumitah raharja rinoban sih rahmatnya.
- (2) Saiba denya nengsemken yen manungsa sabumi,
marsudi tentrem rahajeng numrahken sihing Gusti.....Refr:

6. **Pandhita : Sabda Andharaning Katresnan (Mulad Sarira) : Wulang Bebasan 14 : 17-18**

7. Imam : Pacawisan Pamratobat

“Pasamuwan kagunganipun Gusti, Gusti kersa supados kita menika dados tiyang ingkang wicaksana. Awit tiyang wicaksana menika sabar saha wong wicaksana iku kamakuthan kawruh.”

Sesarengan kita badhe nyawisaken manah, murwakani pandonga pamratobat, kanthi memuji **Kidung Pasamuwan Jawi Suwidak Tiga, pada Setunggal lan Kalih (KPJ 63 : 1+2), “Tyang Najis Ndlarung Ing Dosa”**

- (1) Tyang najis ndlarung ing dosa, tinampik mring swarga.
Allah tan sudi mirsani sabarang kang nistha.

Refr:

Nyuwun suci, aduh Gusti,
nyuwun suci, nyuwun suci.

- (2) Tyang najis datan tinampi ngarsané Hyang Widi.
Aduh Gusti, mugé kersa mbirat dosa.....Refr:

8. Imam: Pandonga Pamratobat

Pasamuwan ingkang sampun dipun tunggil ing padalemanipun Gusti, sesarengan kita aturaken pandonga pamratobat, kita ndedonga:

“Puji sokur konjuk dhumateng Paduka, awit sih kamirahan Paduka, Paduka mboten negakaken kawula. Kepara Paduka nimbali kawula tiyang dosa menika, matemah kawula saget kaparingan karahayon. Ing pangibadah menika Gusti, kawula ngakeni bilih kawula tiyang ingkang kebak ing penandhang dosa. Pramila Gusti, kawula nyuwun sih kamirahan Paduka. Paduka Gusti paring pangaksama dhumateng sadaya karingkahan lan dosa-dosa kawula punika. Kawula nyuwun Sang Roh Suci dados dilah ingkang madhangi saha dados panunthun ing sedaya lampah gesang kawula.

Berkah sih katresnan saha kamirahan saking Paduka tansah lumuntur ing gesang kawula. Linambaran sih katresnanipun, Gusti Yesus Kristus Juru Wilujeng, kawula ndedonga. Amin.”

9. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : Wulang Bebasan 2 : 6

Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : Wulang Bebasan 1 : 7

10. **Liturgos** : : “Pasamuwan kagunganipun Gusti, Gusti paring kawicaksanaan, kawruh, lan kapinteran. Panjenenganipun nyawisi pitulungan tumrap tiyang ingkang jujur lan dados tetamengipun para tiyang kang lakunipun tanpa cacad. Sesarengan kita badhe ngugemi pangandikanipun Gusti lumantar pepujen **Kidung Pasamuwan Kristen Wolung Dasa Kalih, pada Setunggal lan Kalih (KPK 82 : 1+2), “Tekading Manah Kula”** *Pasamuwan kula aturi jumeneng*

- (1) Tekading manah kawula tansah ndherek mring Gusti yeku Panutan sanyata nggih Panebus sejati
Refr:
 margining salib ingambah mbangun turut mring Allah mbabarken tresna sejati mrih jagad tentrem basuki.
- (2) Kula mesthi ndherek Gusti ngantos slami-laminya nggih martosken Injil suci margining tyang waluya.....Refr:

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

11. Wedharing Sabdanipun Gusti

(*Pasamuwan Lenggah*)

- a) **Pandhita : Pandonga Epiklese**
- b) **Pandhita : maosaken Lukas 2 : 41-52**
- c) **Pandhita : Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.**
Pasamuwan: 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 3 |
Hale - luya Hale- luya Hale - lu - ya
- d) **Pandhita : Paladosan Khotbah**
- e) **Irah-irahan: “Dipunpitados kangge Mulang”**
- f) **Ancas : Pasamuwan sinau saking Gusti Yesus nalika taksih alit ingkang tansah sregep midhangetaken Sabdanipun Allah lan samsaya ageng dados tiyang ingkang wicaksana lan saged dipunpitados kangge mulang.**

12. Pisungsung

Imam : “Pasamuwan ing tetunggilanipun Gusti. Berkahipun Gusti tansah linuber tan kendhat ing gesang kita. Pramila, sumangga minangka atur panuwun sokur, kita nyaosaken pisungsung ingkang sampun kacawisaken.

Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal kagem pasamuwan, kanthong kalih kagem kesaksian pelayanan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya éméritus. Pisungsung mirunggan **PEPENKRIS** saged dipun lebetaken ing kotak ingkang sampun kacawisaken. Lan ingkang ngersakaken caos pisungsung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Waosan tetales pisungsung ing wekdal punika, sinerat wonten ing serat **Kalih Korinta bab Sanga ayat Kalihwelas (2 Korinta 9 : 12)** ingkang mekaten suraosipun:

“Awit ayahan katresnan kang isi pitulungan iki ora mung nyukupi kabutuhane para suci bae, nanging uga ngluberake pamuji sokur marang Gusti Allah.”

Kita aturaken pisungsung wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening pepujen **Kidung Pasamuwan Jawi Satus Suwidak, pada Setunggal lan Kalih (KPJ 160 : 1+2), “Gusti Kawula Ngaturaken Badan-Nyawa”**

- (1) Gusti, kawula ngaturken badan nyawa kawula,
sumangga Paduka agem kawula kagunganta
Refr:
Bingah sisaha kula marem nunggil Paduka,
dhuh Gusti purbeng tresna, kula pasrah Paduka.
- (2) Datan wonten andel-andel namung Paduka Gusti;
mila kawula kumandel pasrah kang trus ing ati.....Refr:

13. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat

14. Liturgos : “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli.** Pasamuwan kula aturi jumeneng

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.
- Inggih kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- Inggih nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapunte ning dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

15. Pandhita : Paladosan Berkah

16. **Liturgos** : “Pradataning Pasamuwan ngaturaken panuwun dhumateng Bapa/Ibu Pandhita lan sadaya paraga ingkang sampun nyengkuyung lampahing pangibadah punika.

Pasamuwan ingkang kebak ing karahayon, sumangga kita sami tansah mbudidaya lan nuladha saking Gusti Yesus ingkang tansah sregep mirengaken Sabdanipun Allah dados tiyang ingkang wicaksana lan saged dipun pitados kangge mucal.

Kita pungkasi pangibadah punika kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi Kawan Atus Kawan Dasa Setunggal (KPJ 441), “Kita Sami Tinimbangan”**

Kita sami tinimbangan, supados ndherek ngladosi
pakaryane Gusti Yesus dhateng sesami.
Amartos aken kabar bingah, nggih Injil ing karahayon
dhatheng salir para bangsa, neng alam donya.

Refr:

Tiyang pitados kedah wonten pandamel kang nyata!
Klayan eklas mitulungi tyang kang sinangsara;
sanadyan kita pinangkanya saking maneka bangsa,
nging sesarengan nindakaken pakaryan kang mulya.

17. **Liturgos** : “Mekaten pangibadah ing enjang menika sampun paripurna. Sugeng dinten Minggu, sugeng kondur mugni katentreman lan karaharjan tansah nunggil ing kita sami.”